# KOMPETENCIYALÍQ QATNAS TIYKARÍNDA STUDENTLERDIŃ INGLIZ TILINEN LEKSIKALÍQ KOMPETENCIYASÍN RAWAJLANDÍRÍW

***Jalgasbaeva G.J.***
*Ajiniyaz atındaǵı NMPI assitent oqıtıwshısı*

**Tayanch so'zlar:** leksik kompetensiya, kolloboratsiya, kommunikatsiya, leksik birliklar, semantik tahlil, lingvistik iboralar.

**Ключевые слова:** лексическая компетентность, коллаборация, общение, лексические единицы, семантический анализ, лингвистические выражения.

**Key words:** lexical competence, collaboration, communication, lexical units, semantic analysis, linguistic expressions.

Leksikalıq kompetenciya – lingvistikalıq kompetenciyanıń bir bólegi bolıp, tómendegilerdi názerde tutadı: tildiń leksikalıq quramın biliw (frazeologiyalıq birlikler, bólek sózler); til birlikleri ortasındaǵı ulıwma lingvistikalıq kontekstte sózdiń mánisin anıqlay alıw (sinonimiya-antonimiya, sáykeslik hám basqalar); tekst penen islewde sózlikten paydalanıw qábileti; belgilengen kommunikativ wazıypanı esapqa alǵan halda gáplerdi dúziw. Leksikalıq kompetenciya fonetikalıq hám grammatikalıq kompetenciyanı qáliplestiriw menen de bekkem baylanıslı. Bunnan tısqarı házir de sózlerge bolǵan mútájlik asqan sayın semantikalıq kompetenciyanı rawajlandırıw zárúrli áhmiyetke iye bolmaqta.

Mámleketimizde bul taraw boyınsha ilimiy-izertlewler alıp barǵan ilimpazlardan J.J.Jalolov, G.X.Boqieva, T.K.Sattorov, L.T.Axmedova, U.H.Hoshimov, G.T.Maxkamova, I.Ya.Yoqubov, S.Musinov, L.Kirkxam, M.T.Iriskulov, F.Rashidova hám S.S.Saydalievlardıń izertlewlerinde shet tillerdi oqıtıw metodikasına tiyisli máseleler hár tárepleme kórsetilgen.

Shet el mámleketlerden tálimi hám izertlew mákemelerinde tálimge pedagogikalıq jantasıw, atap aytqanda, til kompetenciyasın rawajlandırıwdıń teoriyalıq tárepleri menen N.Chomsky, M.Daniels, P.Bogards, A.Hunt, B.Laufer,

D.Marconi, P.Nation, J.Hulstj, L.Selivan, S.Webblar tárepinen izertlewler alıp barılǵan.

Leksikanı oqıtıwdıń leksikalıq minimumdı tańlaw I.A.Gruzinskaya, A.A.Lyubarskaya, leksikani receptiv hám produktiv ózlestiriw P.Neyshn, M.Uest, leksika menen islew basqıshları N.Gez, S.Kalinina, I.Berman, leksikalıq shınıǵıwlardı qollanıw hám birgelikte isletiw E.P.Shubin, G.V.Rogova sıyaqlı belgili qánigelerdiń miynetlerinde ashıp berilgen.

Ilimiy ádebiyatlarda úlken kólemde shet el hám jergilikli ilimpazlardıń sóz dizbeklerin oqıtıw máseleleri, leksikalıq minimumdı tańlaw principleri, leksikalıq materiallardıń metodologiyalıq tipologiyası, olar ústinde islew basqıshları haqqında V.A.Buxbinder, S.V.Kalinina, G.V.Rogova, F.M.Rabinovich, N.I.Gez, M.V.Lyaxovickiy, S.V.Shatilov, B.V.Belyaev, U.X.Xoshimov, N.M.Kurmanbaev, V.Allen, Dj.Shrivener, M.Levis, M.Makkarti, Dj.Morgan, R.Karter, P.Neyshn, Dj.Richards, R.Fillipson, P.Laytvoun, N.Spada, M.Rinvoluerilar úyrengen. Feyillerdiń arnawlı sózler klası sıpatında strukturalıq, funkcional hám semantikalıq ózgesheliklerin úyreniw, predmetlerdiń qásiyetleri hám olardıń múnásibetlerin xarakteristikalaw L.G.Babenko, N.N.Boldırev, A.V.Bondarko, E.Ya.Gordon, T.A.Knyazeva, I.N.Meshchaninov, A.Panasenko, A.I.Reydel, A.G.Silnickiy, D.Bolinger, B.Comrielerdiń izertlewlerinde óz kórinisin tapqan.

Túrli sózlerdiń mánileri birdey yamasa jaqın mánige iye bolǵanı menen olardı durıs interpretaciyalay alıw semantikalıq qábiletke iye bolıwdı ańlatadı. Biraq, izertlewshi A.N.Shamov leksikalıq kompetenciyanı tómendegi túrde belgileydi:

1) motivaciyalıq komponent;

2) bilim alıw ushın xızmet etetuǵın komponent;

3) ámeliy, minez-qulıqtı xarakteristikalaytuǵın komponent. Bul alımnıń bul oy-pikirin biz de maqullaymız. Biraq biz leksikalıq kompetenciyanı pánler arasında rawajlandırıwda ózine tán arnawlı bir wazıypaları bar ekenin belgilep ótemiz.

B.Oshilova inglis tilindegi leksikalıq kompetenciyasın rawajlandırıwda tómendegi jantasıwlardı úyrengen.

Izertlewshi E.V.Yataeva leksikalıq kompetenciyanıń tómendegi komponentlerin úyrengen:

1) operaciyalıq-iskerlik komponenti;

2) motivaciyalıq komponent;

3) qadaǵalaw-bahalaw komponenti;

4) qádiriyatlı-motivaciyalıq komponent.

Inglis tili leksikasın biliw, leksikalıq birliklerdi oqıwshı ushın jańa bolǵan jaǵdaylarǵa kóshiriw, til biliw iskerligi nátiyjelerin bahalawda aktivlik, baslamashılıq hám erkinligin kórsetiwdi óz ishine aladı.

G.A.Kruchinina leksikalıq kompetenciyanıń quramlı bólimlerin tómendegishe anıqlaǵan. (1-súwret) Al, bizińshe talabalardıń leksikalıq kompetenciyasın rawajlandırıwda pánler aralıq baylanıs tiykarında qurılǵan bolıp, tiykarınan durıs qarım-qatnas terminlerin processte til birlikleri ortasındaǵı ulıwma lingvistikalıq kontekstte sózdiń mánisin anıqlay alıwǵa qaratıw bolıp tabıladı.( 1-súwret)




Z.I.Klichnikova shet tilindegi tekstlerdi túsiniwdiń jeti dárejesin belgileydi. Birinshi hám ekinshi dárejeler tekstti túsiniwdi tastıyıqlaytuǵın bólek sózlerdi túsiniw menen baylanıslı. Bul dárejede birneshe mánili sózlerdi, omonimlerdi, omograflardı, antonimlardı hám sinonimlerdi ózlestiriw qıyın. Sóz dizbeklerin túsiniwdiń ekinshi dárejesi studentler sintaksis yamasa morfologiyadaǵı quramalılıqlarǵa ushırasqanda júzege keledi. Pútin tekstti emes, al onıń detalların da ańlaw tórtinshi hám besinshi basqıshlar bolıp, bul basqıshlar informaciyanıń túrine qaray oqıw túrleri menen baylanıslı. Altınshısı – mánili sózlerdi túsiniw, jetinshisi bolsa, barlıq dárejedegi informaciyalardı túsiniwdi ańlatadı.

Izertlewshi I.M.Tuxtasinov: "Studentlerdiń shet tilin úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıǵın qáliplestiriw, sózlik, málimleme hám túp (original) tekstler menen islew qábiletleri hám bilimlerin rawajlandırıw, zárúr bolǵan grammatikalıq materiallardı sistemalastırıw, kásiplik tekstlerdi tuwrı túsiniw hám kórkem awdarma sheberligin rawajlandırıw búgingi kún talabı ekenligin aytıp ótken. Al, qánigelikke, kásiplik bilimlerdi proceste qollaw boyınsha izertlewshi X.Bakirova leksikalıq kompetenciyanı qáliplestiriwge baǵdarlanǵan tálim mazmunında tómendegi bólimlerdi ajıratıp kórsetken.

Házirgi waqıtta tómendegi didaktikalıq principler ámeliyatta keń qollanılmaqta. (3-súwret)




A.Azimov leksikalıq sheberlik – ideyaǵa sáykes keletuǵın leksikalıq birlikti tańlaw hám onıń ónimli sóylewde basqa birlikler menen durıs kombinaciyası, avtomatlastırılgan ańlaw (túsiniw) hám qabıl etiwshi sóylewde máni menen baylanısıw ushın avtomatlastırılgan háreket dep aytıp, kompetentli jantasıw - bul úyreniw maqsetlerin qáliplestiriw hám ana tilinde sóylesiwshiler menen mádeniyatlararo hám shaxslararo baylanısti ámelge asırıwdıń ulıwma principlerı kompleksi bolıp, shet tilin ámeliy ózlestiriwdi usınıs etedi.

Biz studentlerdiń ingliz tilinen sóylew hám leksikalıq kompetenciyaların jetilistiriwde tómendegi usınıslardı beremiz:shaxslararalıq hám mádeniyatlararalıq óz ara tásir máselelerin sheshiw ushın awızeki hám jazba formada ushırasıw qábileti;

awızeki hám jazba sóylewdi logikalıq jaqtan durıs, aqılǵa say hám anıq dúziw qábileti;

shet tilinde kásiplik qarım-qatnastıń, pikirlesiwdiń (baylanıstıń) zárúr kónlikpelerin iyelew qábileti;

xızmet proceslerinde hám basqa da hújjetlerde durıs hám tolıq sáwlelendiriw qábiletin qáliplestiriw zárúr.

**Adebiyatlar:**

1. Абдуллаева А.Б., Мирсодикова Д.Р., Абдуллаева С.Ё., Носиров Д.П. Deutsch 2. – Тошкент: Ғ.Ғулом номидаги МНУ, 2008. – 22 б.,

2. Абдушукурова Л.А., Абулхамова Р.Р., Айтуганова З.А., Ибрагимов Х. Francais 3e. – Тошкент, 2007.;

3. Бакиева Г., Махкамова Г., Кулдошев А. English 3. – Ташкент, 2007.;

4. Дадаходжаева М.С., Новикова С.Д., Зияева С.А. Deutsch I. – Ташкент: Ғ.Ғулом номидаги МНУ, 2007. – 208 б.;

5. Жалолов Ж. Чет тил ўқитиш методикаси. – Т.: Ўкитувчи, 2012. – 432 б.

6. Бабаниязова Н. Қорақалпоғистон Республикаси В1 даражали ўқувчиларни инглиз тилининг феъл лексикасини модуль технологияси асосида ўқитиш. Педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) диссертацияси автореферати. – Тошкент, 2018. –Б.11

7. Muxtorov M. Oliy ta'lim muassasalari talabalarining B2 darajada leksik kompetentsiyasini rivojlantirish metodikasi. Pedagogika fanlari bo'yicha falsafa doktori (PhD) dissertatsiyasi avtoreferati. –T.:, 2023, -B.10

8. Шамов А.Н. Формирование лексической компетенции как основополагающая цель в обучении иностранному языку // Языки и культуры народов мира в лингводидактической парадигме: Лемпертовские чтения - IX: сб. ст. по матер, меж - дунар. науч. - метод. симпозиума, 30-31 мая 2007 г. - Пятигорск, 2007. - С.386-391

9. Очилова В. Талабаларга инглиз тилидаги лексик бирликларни метакогнитив ёндашув асосида ўргатиш. (PhD) диссертацияси автореферати. – Тошкент, 2022. –Б.11

10. Ботирова З. Умумтаълим мактаби ўқувчиларининг инглиз тилида лексик компетенциясини ривожлантириш технологияси. – Наманган, 2022. –Б.17

11. Ятаева Е.В. Учебный глоссарий как средство развития учебной иноязычнолексической компетенции в профессиональном языковом образовании: дис.. канд. пед. наук. -Екатеринбург, 2007. - С.34

12. Трафименко С.А. Структура и содержание лексической компетенции. // Иностранные языки: инновации, перспективы исследования и преподавания: материалы II Междунар. науч.-практ. конф., Минск, 21–22 марта 2019 г. / Белорус. Гос. ун-т; Минск: БГУ, 2019. – С. 165-173.

13. Klychnikova Z. I. Psychological features of teaching reading in a foreign language: a manual for a teacher / Z. I. Klychnikova. - M.: Enlightenment, 2003. - 207p

14. Bakirova X.B. Leksik kompetensiyani rivojlantirishga yo'naltirilgan ta'lim mazmuni va mutaxassislik leksik minimumini aniqlash. fan, ta'lim va amaliyot integratsiyasi issn:2181-177

**РЕЗЮМЕ**

Maqolada oliy o'quv yurtlari talabalarining ingliz tili bo'yicha leksik kompetensiyasini rivojlantirish bo'yicha ilmiy izlanishlar, talabalarning leksik kompetensiyasini rivojlantirish bo'yicha metodikalar haqida so'z boradi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются научные исследования по развитию лексической компетентности студентов высших учебных заведений по английскому языку, методики развития лексической компетентности студентов.

**SUMMARY**

The article discusses scientific research on the development of lexical competence of students of higher educational institutions in English, methods of developing students' lexical competence.